

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salasahiji fungsi basa minangka pakakas patali marga atawa alat komunikasi téh nyaéta fungsi fatis. Fungsi fatis patali jeung kontak atawa interaksi antara panyatur jeung pamiarsa, gunana pikeun ngajaga tali mimitran, silih ajénan, jeung silih hormat (Sudaryat, 2014, kc. 24). Ku sabab kitu, maksud anu dituju ku panyatur dina komunikasi téh tampolana ditepikeun sacara teu langsung sangkan nyingkahan hal anu matak nyigeung jalma lian (anu diajak nyarita). Ieu hal téh patali jeung cara masarakat panyatur basa dina ngébréhkeun hiji hal.

Masarakat Sunda, mun seug dina nyarita atawa nepikeun pamaksudan anu dibarung ku rasa, pikiran, jeung kahayangna téh aya kalana tara togmol ka nu dimaksud, tapi sok dibalibirkeun sangkan henteu nerag karasana. Éta omongan nu dibalibirkeun téh kalawan nu diajak nyaritana surti. Ku kituna, dina komunikasi anu lumangsung téh biasana ngagunakeun ungkara husus anu mangrupa *idiom*. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Junadi & Nisa (2021, kc. 250), anu nétélakeun yén *idiom* mindeng digunakeun ku panyatur basa dina komunikasi di masarakatna. *Idiom* anu digunakeun téh pikeun nepikeun hiji hal sacara henteu langsung ka jalma anu diajak nyarita, ku cara ngébréhkeun hal di luar kontéks kecap anu leuwih gampang dipikaharti sangkan antara panyatur jeung pamiarsa henteu salah persépsi. Dina basa Sunda, *idiom* téh disebutna pakeman basa. Pakeman basa hartina wangunan basa anu husus jeung mandiri, sarta harti anu dikandungna teu bisa dihartikeun sajalantrahna nurutkeun harti tata basa atawa harti anu dikandung ku unsur-unsur pangwangunna (Sudaryat, 2021, kc. 148).

Babasan jeung paribasa kaasup kana salasahiji pakeman basa anu ilahar dipikawanoh ku urang Sunda. Hidayat, spk. (2018, kc. 196), nétélakeun boh babasan boh paribasa minangka pakeman basa anu geus matok, sarta umumna dipaké ku saréréa pikeun nyinggetkeun carita anu panjang maksudna. Sumarsono, spk. (2013, kc. 72), ngébréhkeun yén babasan jeung paribasa salasahiji karya para karuhun jeung bujangga Sunda nu mibanda sistem ajén-inajén aktual jeung rélévan sarta teu laas ku kamajuan jaman. Eusi tina babasan jeung paribasa bisa digunakeun pikeun méré naséhat, aya nu dipaké pikeun meupeuh arguméntasi

lawan, aya nu ngagambarkeun situasi atawa kaayaan hiji jalma, jeung sajabana (Rosidi, 2005, kc. 7).

Kamekaran jeung tungtutan jaman mawa parobahan pikeun kahirupan masarakat jeung kabeungharan budaya daérah. Kiwari, pakeman basa téh mulai dipopohokeun ku urang Sunda lantaran geus jarang digunakeun dina komunikasi sapopoé. Luyu jeung pamadegan Nugraha (2013, kc. 54), paribasa téh geus jarang digunakeun deui ku urang Sunda hususna nonoman ngora, sabab henteu dipikawanoh jeung dianggap hésé dipikaharti. Lamun teu nyaho kana harti babasan jeung paribasa, moal bisa ngarti enya kana éta basa téh, henteu bisa wanoh kakayaan batin jeung budayana (Rosidi, 2005, kc. 7).

Dina kahirupan urang Sunda, réa kapanggih pakeman basa salian ti babasan jeung paribasa, di antarana aya kekecapan, cacandran, uga, jrrd. Éta pakeman téh umumna mangrupa ucapan atawa omongan karuhun nu eusina ngandung kiasan jeung atikan (Sumarsono, spk., 2013, kc. 50). Salian ti éta, Afsari, spk. (2020, kc. 167), nétélakeun yén *idiom* (pakeman basa) téh ngandung pesen jeung naséhat, tur bisa ngébréhkeun harti jeung ajén-ajén moral nu luhung sarta bisa ngagambarkeun kaaripan ti masarakat nu nyiptakeunana. Pakeman basa boga peran penting minangka kabeungharan basa jeung budaya, sarta kakayaan batin urang Sunda. Nilik kana lobana ajén anu nyangkaruk dina pakeman basa, ku kituna pakeman basa kudu tetep diajarkeun ka nonoman ngora, salasahijina ku pendidikan formal atawa sakola. Éta hal dianggap penting sabab sakola mangrupa tempat diajar anu éféktif dina nepikeun pangalaman hirup urang Sunda (Nugraha, 2013, kc. 54).

Luyu jeung “Pemetaan Materi Capaian Pembelajaran Bahasa Sunda” dina Kurikulum Merdéka, pakeman basa téh kaasup kana salah sahiji matéri anu diajarkeun di sakola. Eusi tina pangajaran pakeman basana nyaéta téks bahasan atawa déskripsi anu ngandung *idiom* (pakeman basa). Dina nepikeun pangajaran pakeman basa téh bisa digunakeun rupa-rupa média, sabab pakeman basa téh bisa katilik dina komunikasi lisan jeung tinulis. Sacara tinulis, pakeman basa téh bisa kapaluruh dina téks-téks sastra. Salasahiji kontéks anu kadang ngabalukarkeun hiji jalma teu ngomong terus terang atawa maké *idiom* téh aya dina kontéks sastra (Sartika, spk., 2022, kc. 4).

Basa dina karya sastra kacida mentingkeun kaéndahan, sarta bisa nimbulkeun éfék husus ka nu maca. Ku sabab kitu, dina karya sastra sering kapanggih *idiom*. Wangun *idiom* anu diébréhkeun sacara subjéktif téh bakal mangaruhan langsung kana pikiran nu maca pikeun nyangkem éta harti (Sartika, spk., 2022, kc. 4). Ayana ungkara dina kumpulan carpon anu teu kaharti basana boh nu mangrupa wangun kecap, istilah, atawa dina wangun kalimah bakal ngaganggu kana prosés nyangkem eusi bacaan. Nilik kana éta hal, kumpulan carpon bisa digunakeun salaku média pangajaran pikeun siswa weruh kana pakeman basa anu eusina pinuh ku kaaripan lokal (*local wisdom*). Masduki (2015, kc. 296), ngébréhkeun yén *idiom* minangka kaaripan lokal téh dipibanda ku unggal sélér bangsa, tur raket patalina jeung karakter sarta ajén-inajén anu tumuwuh dina éta sélér bangsa. Ku mikaweruh pakeman basa, urang bakal wanoh kana kahirupan urang Sunda anu pengkuh agamana, luhung élmunana, jembar budayana, jeung rancagé gawéna (Sudaryat, 2016, kc. 6).

Pakeman basa réa kapanggih dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. Ieu kumpulan carpon téh ngagambarkeun moralitas jaman. Rosidi (dina Wiriasasmita, 2024, kc. 12), nétélakeun yén salian ti carita-carita nu dumasar kana kaayaan kahirupan sapopoé di urang kiwari, aya ogé carita-carita anu henteu tétéla pajamanan jeung patempatanana, saperti “Tawanan Karaton” jeung “Pamatang jeung Kembang”, nu némbongkeun katapisna Kis. Ws. dina ngawangun carita. Basa nu digunakeunana kalawan merenah diluyukeun jeung kasang tukang jaman katut kamasarakatan nu dicaritakeunana. Kis. Ws. geus ngamangpaatkeun kabeungharan basa Sunda kalawan parigel.

Panalungtikan nu patali jeung pakeman basa téh kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé, nyaéta “Unsur Lingkungan dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di Kelas XI SMA” (Hernisa Agustiani Nugraha, 2015). Dina panalungtikanana, maluruh babasan jeung paribasa anu ngandung unsur lingkungan pikeun bahan ajar di SMA. Aya ogé panalungtikan anu judulna “Pakeman Basa dina Novél *Pangéran Kornél* Karang R. Méméd Sastrahadiprawira pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di SMA” (Nur Aisyah Suwanda, 2015), anu maluruh pakeman basa dumasar harti jeung sipat nu dikandungna kaasup gaya basana pikeun alternatif bahan ajar.

Salian ti éta, aya panalungtikan “Ulikan Stilistik kana Pakeman Basa dina Novél *Laleur Bodas* Karangan Samsu pikeun Bahan Pangajaran di SMA” (Anisya Harti Nurdewi, 2017) jeung “Gaya Basa dina Pakeman Basa pikeun Bahan Pangajaran Idiom di Kelas IX SMP: Ulikan Stilistika kana Novél *Ngawadalkeun Nyawa* Karya Moh. Ambri” (Rika Yustika, 2021), anu sarua nalungtik gaya basa dina pakeman basa jeung larapna dina pangajaran. Satuluyna, aya panalungtikan anu judulna “Pakeman Basa Wanda Kekecapan dina Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana pikeun Bahan Ajar Pakeman Basa di SMA” (Neng Novi Mardiyanti, 2018), anu ngulik wangun, pola, jeung harti idiomatis kekecapan pikeun bahan pangajaran.

Aya sasaruana jeung bédana dina panalungtikan ayeuna jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruana nyaéta ngulik pakeman basa pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Sanajan méh sarua, tapi aya bédana. Dina ieu panalungtikan, henteu medar ngeunaan gaya basa jeung ngagunakeun sumber data anu béda. Sumber data dina panalungtikan saméméhna mangrupa novél, sedengkeun dina panalungtikan ayeuna ngagunakeun kumpulan carpon minangka sumber datana. Salian ti éta, dina ieu panalungtikan dipedar wanda pakeman basa katut harti léksikal boh harti idiomatis anu can kungsi ditalungtik saméméhna. Bahan pangajaran anu baris disusun ogé nyoko kana Kurikulum Merdéka, béda jeung panalungtikan saméméhna anu nyoko kana Kurikulum 2013.

Dumasar kana katerangan di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Pakeman Basa dina Kumpulan Carpon *Mirah Dalima* Karya Kis. Ws. pikeun Bahan Pangajaran di SMP” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana pedaran kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah dina ieu panalungtikan anu perlu diidéntifikasi, nyaéta:

- 1) pakeman basa téh mimiti dipopohokeun ku masarakat, hususna ku nonoman ngora, sabab dianggap hésé dipikaharti jeung geus langka digunakeun dina komunikasi sapopoé;

- 2) wanda jeung harti dina pakeman basa minangka kabeungharan basa jeung budaya urang Sunda téh masih kurang dipikawanoh; jeung
- 3) réana ajén-inajén luhung anu nyangkaruk dina pakeman basa, kudu tetep diajarkeun di sakola.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Wanda pakeman basa naon waé anu aya dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws.?
- 2) Kumaha harti pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws.?
- 3) Kumaha larapna pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. pikeun bahan pangajaran di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar jeung ngadéskripsikeun ngeunaan pakeman basa nu kapanggih dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMP.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal nyaéta:

- 1) wanda pakeman basa nu kapanggih dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws.;
- 2) harti pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws.; jeung
- 3) larapna pakeman basa dina kumpulan carpon *Mirah Dalima* karya Kis. Ws. pikeun bahan pangajaran di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun mekarkeun jeung ngajembaran élmu kabasaan dina tataran sémantik jeung idiomatik ngeunaan pakeman basa. Salian ti éta, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, di antarana waé, pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung nu maca (masarakat).

- 1) Pikeun panalungtik, bisa nambahan pangalaman jeung ngajembaran pangaweruh sanggeus ngulik pakeman basa.
- 2) Pikeun siswa, bisa nambahan kaweruh jeung mantuan siswa dina maham pakeman basa.
- 3) Pikeun guru, hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi atawa sumber bahan ajar dina kagiatan pangajaran pakeman basa.
- 4) Pikeun nu maca atawa masarakat, bisa méré informasi ngeunaan pakeman basa jeung bisa jadi panggeuing pikeun maké atawa ngalarapkeun pakeman basa dina kahirupan sapopoé.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Hasil panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku pamaréntah pikeun nyusun kawijakan dina ngamumulé basa Sunda, yén basa Sunda mibanda kabeungharan basa nu disebut pakeman basa. Salian ti éta, ieu panalungtikan ngarojong kana “Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Taun 2014 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, jeung Aksara Daérah”.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bacaan anu méré gambaran jeung pangaweruh ngeunaan wanda jeung harti dina pakeman basa anu bisa digunakeun ku masarakat dina komunikasi sapopoé, sarta bisa dipaké sumber pikeun bahan pangajaran basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab anu dijéntrékeun ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun dina panalungtikan, ngawengku hal-hal nu patali jeung wanda pakeman basa, harti dina pakeman basa jeung bahan pangajaran, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar hasil jeung pedaran ngeunaan wanda pakeman basa, harti pakeman basa, jeung bahan pangajaran pakeman basa di SMP.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung implikasi tina panalungtikan, sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna.